



ENFÒMASYON  
TIT VI

ENFÒMASYON  
TIT VI



# Pwoteje Dwa Ou



## RIPTA akeyi Fidbak ou!

RIPTA angaje pou l bay tout kominote n ap sèvi yo sèvis transpò ki an sekirite, efikas ak bon jan kalite.

Si w gen nenpòt sijesyon sou fason nou ka amelyore angajman nou an pou pa diskriminasyon, oswa ki jan nou ka pi byen sèvi bezwen kliyan ki pa konpetan nan lang angle, nou ta renmen tande pale de ou.



OTORITE TRANSPÒ PIBLIK RHODE ISLAND



## 🔗 Ki sa ki Tit VI?

Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la se yon lwa federal ki deklare pèsonn pa dwe fè diskriminasyon kont oswa refize benefis sou baz ras, koulè, oswa orijin nasyonal, nan pwogram ak sèvis ki resevwa asistans finansye federal. Pou asire ke kliyan Otorite Transpò Piblik Rhode Island (Rhode Island Public Transit Authority, RIPTA) pa fè diskriminasyon kont, nou te adopte règleman ki ankouraje aksè egal ak bon jan kalite sèvis pou tout kliyan nou yo.

## 🔗 Ki sa Tit VI vle di pou ou?

RIPTA bay yon avi piblik sou politik li pou defann epi asire tout konfòmite ak Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964, Lwa 1987 pou Retablisman Dwa Sivil yo, ak lwa ak règleman ki gen rapò ak tout pwogram ak aktivite yo.

Ajans transpò piblik yo, tankou RIPTA, oblije bay tout pasaje yo sèvis nan yon fason ki jis ak ekuitab san yo pa konsidere ras yo, koulè yo oswa orijin nasyonal yo. Tit VI egzije tou pou RIPTA diminye baryè lang ki ka anpeche aksè a sèvis enpòtan pa kliyan ki pa konpetan nan lang angle.

RIPTA gen tou yon politik zewo tolerans ki entèdi nenpòt fòm diskriminasyon ilegal.

## 🔗 Ki sèvis ki disponib pou kliyan yo ki pa konpetan nan lang angle?

Daprè Tit VI, kliyan ki pa konpetan nan lang angle gen dwa pou jwenn asistans pou ede yo jwenn aksè nan enfòmasyon enpòtan RIPTA. Si nou bezwen èd tradiksyon nou ka kontakte Voiance, ki ka bay sèvis tradiksyon telefòn nan plizyè lang, tankou Panyòl, Pòtigè, Chinwa, Ris, ak anpil lòt.

Anplis de sa, ajan sèvis kliyan RIPTA ak Sipèvizè yo kapab bay konsèy pou kliyan ki pa konpetan nan lang angle.

## 🔗 Kisa w ta dwe fè si w gen yon plent?

Nenpòt moun ki kwè ke yon pratik diskriminatwa ilegal anba Tit VI gen dwa depoze yon plent fòmèl ak RIPTA. Lè w ap soumèt yon plent, tanpri mete enfòmasyon kontak ou ansanm ak detay sou ensidan an tankou sa ki te pase, ki kote ak ki lè, ak non, adrès, nimewo telefòn ak adrès imèl temwen yo.

Ou kapab:

- **Voye yon lèt bay:**  
Ofisye Dwa Sivil  
Otorite Transpò Piblik Rhode Island  
705 Elmwood Avenue  
Providence, RI 02907
- **Rele Sèvis Kliyan nan (401) 781-9400.**  
Sèvis Sipò Kliyan RIPTA ki disponib  
Lendi-Vandredi 7:00 AM-7:00 PM  
ak samdi soti 8:00 AM-6:00 PM.
- **Ale sou RIPTA.com** epi telechaje yon kopi Fòm Plent Tit VI pou ranpli epi poste nan adrès ki pi wo a.

